**Zamanagóy psixologiyada muǵdar hám sapa izertlew metodları páninen juwmaqlawshı qadaǵalaw ushın sorawlar**

1. Psixologiyalıq izertlew metodologiyasınıń tiykarǵı principleri nelerden ibarat?

2. Eksperimental paradigma psixologiyada qanday maqsetlerde qollanıladı?

3. Ekspertimental paradigma ápiwayı eksperimentten qaysı tárepleri menen parıq qıladı?

4. Ilimiy paradigma degende neni túsinesiz?

5. Paradigmanıń ózgeriwi psixologiyalıq izertlewlerge qanday tásir kórsetedi?

6. Zamanagóy psixologiyada qaysı paradigmalardan keń paydalanıladı?

7. Psixologiyalıq izertlew usılları qanday tiykarlarda klassifikaciyalanadı?

8. Baqlaw hám eksperiment usılları arasında qanday ayırmashılıqlar bar?

9. Psixodiagnostikalıq testler qaysı túrdegi izertlew usıllarına kiredi?

10. Ilimiy izertlewdiń tayarlıq basqıshı ne menen xarakterlenedi?

11. Maǵlıwmat toplaw basqıshında izertlewshi nelerge itibar beriwi kerek?

12. Ilimiy nátiyjelerdi analizlew basqıshı qanday procceslerdi óz ishine aladı?

13. Ilimiy-analitikalıq izertlewdiń tiykarǵi maqseti neden ibarat?

14. Innovaciyalıq izertlewler psixologiyada qanday jańalıqlar alıp keledi?

15. Sheklengen reprezentativ izertlewler qaysı jaǵdaylarda qollanıladı?

16. Onlayn sorawnamalar dástúriy sorawnamalardan qaysı tárepleri menen parıq qıladı?

17. Internet psixologiyalıq izertlewlerinde qáwipsizlik máseleleri nelerden ibarat?

18. Virtual eksperiment ótkeriwde qanday sheklewler bar?

19. Ámeliy izertlewlerdiń tiykarǵi maqseti neden ibarat?

20. Ámeliy izertlew psixologiyalıq xizmette qanday áhmiyetke iye?

21. Ámeliy izertlew laboratoriyalıq izertlewden qalay parıqlanadi?

22. Klassikalıq test teoriyasınıń tiykarǵı principleri nelerden ibarat?

23. Testtiń isenimliligi qanday ólshemler arqalı bahalanadı?

24. Validlik psixologiyalıq testlerde neni ańlatadı?

25. Sanlı izertlew usıllarınıń abzallıqları nelerden ibarat?

26. Sıpat usıllarında mağluwmat qanday jol menen analizlenedi?

27. Muǵdar hám sapa usılların birlestiriw qaysı jaǵdaylarda maqsetke muwapıq?

28. Sanlı analiz ushin qaysi statistikalıq kórsetkishler kóbirek qollanıladı?

29. Izertlew nátiyjelerin sanlastırıwdıń paydası nede?

30. Variatsion analiz psixologiyada qanday wazıypalardı atqaradı?

31. Fenomenologiyalıq tallawda subyektiv tájiriybe qalay úyreniledi?

32. Monometriyalıq jantasıw fenomenologiyalıq tallawdan qalay ajıraladı?

33. Dogmatik jantasıw ilimiy izertlewdiń qaysı táreplerinde sheklewler jaratadı?

34. Izertlew nátiyjelerin sıpatlawda nelerge itibar beriw zárúr?

35. Nátiyjelerdi toparlaw hám klassifikaciyalawdıń áhmiyeti nede?

36. Grafik kóriniste nátiyjelerdi súwretlew qanday abzallıqlardı beredi?

37. Izertlew mashqalasın durıs qoyıw ushın qanday talaplar bar?

38. Mashqalanıń áhmiyetliligin tiykarlawda neler kórip shigıladı?

39. Izertlew sorawınıń durıs qáliplestiriliwi nátiyjelerge qanday tásir etedi?

40. Ilimiy esabattıń tiykarǵı quramlıq bólimleri nelerden ibarat?

41. Juwmaq shıgarıwda ulıwmalastırıw qalay ámelge asırıladı?

42. Rásmiylestiriwde APA yáki basqa standartlar qalay qollanıladı?

43. Psixologiyalıq izertlewde qatnasıwshılardıń razılıǵı qalay alınıwı kerek?

44. Jasırılg`anlıqtı támiyinlew qaǵıydaları nelerdi óz ishine aladı?

45. Izertlewshi hám qatnasıwshı ortasında etikalıq shegaralar qalay belgileniwi kerek?